

## RINGKESAN

### **Pengaruh Tingkat Atikan Orang Tua Kana Pangdorong Diajarna Murid Dina Pangajaran Ékonomi (Panalungtikan ka Siswa Kelas XI IPS SMA Negeri 17 Bandung)**

**PUTRI MAWAR GUSTIANI  
165020048**

Tujuan panalungtikan ieu nyaeta: (1) Pikeun mikanyaho kumaha tingkat atikan orang tua di kelas XI IPS SMA Negeri 17 Bandung, (2) Pikeun mikanyaho kumaha pangrojong diajar budak dina pangajaran ekonomi kelas XI IPS di SMA Negeri 17 Bandung, (3) Pikeun mikanyaho sakumaha gedena pangaruh tingkat atikan orang tua dina ngarojong budak kana pangajaran ekonomi kls XI IPS di SMA Negeri 17 Bandung. Pendekatan nu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaeta kualitatif dirobah kana kuantitatif, mangrupa metode survei jeung tehnik ngumpulkeun data mangrupa dokumentasi jeung angket, sarta tehnik ngolah data ngagunakeun perhitungan statistik regresi. Hipotesis dina panalungtikan ieu nyoarakeun “Ayana pangaruh ti tingkat atikan kolot (X) kana pangrojong diajar budak (Y) dina mata palajaran ekonomi kelas XI IPS SMA Negeri 17 Bandung.” Hasil panalungtikan ieu nunjukeun: (1) tingkat atikan orang tua di kelas XI IPS SMA Negeri 17 Bandung gedena 2,7. (2) pangrojong diajar budak dina pangajaran ekonomi di kelas XI IPS SMA Negeri 17 Bandung gedena 3,16 kategori alus, (3) ayana pangaruh tingkat atikan orang tua kana pangrojong diajar budak dina pangajaran ekonomi di kelas XI IPS SMA 17 Bandung gedena 0,666 atawa 66,6% . Nu nulis nyarankeun ka pihak nu kasebut nyaeta : (1) pikeun budak salilana kudu boga pangrojong diajar anu luhur, (2) pikeun guru sanggup mikanyaho kana kasangtukang budak supaya bisa mere pangrojong anu bener, (3) pikeun sakola mampuh mere pelayanan saluyu jeung pangabutuh siswa, (4) pikeun nu rek nalungtik satuluyna hayang ngayakeun panalungtikan nu sarua, miharep kudu bisa nalungtik faktor panambah nu bisa mangaruhan hasil panalungtikan ieu.

**Kata Konci:** tingkat atikan orang tua, pangrojong diajar, pangajaran ekonomi